



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 6 janvyè 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO DEKLARE ETA-DIJANS PANDAN TANPÈT NÈJ LA AP FRAPE NEW YORK**

### ***Gouvènè a Depwaye Lòt Ekipman ak Pèsonèl pou Ede nan Entèkansyon nan Tanpèt Ivè a Wout Fèmèn akòz Kondisyon Danjere***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te deklare jodi a yon eta dijans nan tout eta a pandan yon gwo tanpèt deplase kite Midwest la pou rantre nan Lwès New York ak rejyon Tug Hill Plateau Eta a. Yo te deklare Eta-Dijans lan pou konte sa yo: Allegany, Cattaraugus, Chautauqua, Erie, Genesee, Jefferson, Lewis, Livingston, Monroe, Oneida, Orleans, Oswego, Wayne ak Wyoming Klike [la](#) pou tande odyo apèl konferans Gouvènè a kap bay enfòmasyon sou tanpèt ivè a.

Bonè jodi a Gouvènè a te anonse pati nan New York State Thruway a nan rejyon Lwès New York ki pral fèmèn akòz move tan ivè epi te mande Sant Operasyon Ijans Eta pou yo louvri bò 8è aswè a sou baz kondisyon tan ivè yo prevwa nan Buffalo ak rejyon Lwès New York.

Mezi sa yo pran akòz move tan ivè ki prevwa pou l pote 36 pous nèj nan jou edmi kap vini an, nèj ki gen efè lak nan kèk zòn rive kat pye chak inèdtan, rafal van ki rive nan 40 mayl chak inèdtan ak tanperati refwadisman kap desann 40 degre anba zewo. Thruway a nan zòn sa pral relouvri lè kondisyon yo va pèmèt sa.

Yon eta-dijans ap mobilize resous pou gouvènman lokal yo ki nòmalman rezève pou sèvis eta a sèlman, epi li pèmèt Gouvènè a sispann lwa ak règleman ki ta anpeche repons rapid.

Gouvènè a te ankouraje Nouyòkè nan Lwès New York ak rezidan nan rejyon Tug Hill Plateau a pou yo pa vwayaje epi rete andedan lakay yo jiskaske pati grav tanpèt la fin pase.

Gouvènè Cuomo te di konsa, "Pandan nouvo tanpèt ivè sa ap vanse, pou pote gwo nèj ak van fò nan, mwen ankouraje tout sitwayen nan rejyon sa yo pou yo pran prekosyon, pou yo evite vwayaje, epi pou yo rete andedan lakay yo. "Pou asire yon repons efikas ak rapid pou tanpèt ivè sa, mwen deklare yon eta-dijans, yon fason pou resous yo kapab rive nan kominote kote yo nesèsè san pèdi tan."

Men kèk etap ki dwe pran pou asire preparasyon:

Haitian Creole

## **Wout ak Pon yo**

Aksyon ki annaprè yo pral pèmèt operasyon chasnèj sou wout enpòtan yo kontinye pandan lannwit pandantou y ap asire sekirite chofè yo:

Thruway a ant Exit 55 (Route 219/Lackawanna/Springville/Orchard Park/West Seneca) ak Exit 61 (Shortman Road, Ripley) te fèmen pou machin komèsyal bò 3è apremidi a. Apati 8è aswè a, tout machin kap woule nan direksyon lwès sou thruway a pral devye kite wout la nan Exit 50 (I-290 lwès), epi tout sikilasyon nan direksyon lès pral devye soti nan Exit 61 (Shortman Road, Ripley).

Route 400 apati Thruway a nan West Seneca rive nan Route 16 nan Aurora ak Route 219 apati Milestrip Road rive Peters Road pral fèmen nèt pou sikilasyon aswè a bò 8è.

Interstate 81, ant Exit 31-45 ap fèmen nèt pou sikilasyon aswè a bò 8è.

Eta a genyen 245 chasnèj (643 operatè) ki deja aktive nan rejyon an, ak yon lòt 426 chasnèj (870 operatè) ki depwaye nan Rejyon Lwès New York apati Southern Tier, Sant New York, Rejyon Kapital la ak Hudson Valley.

Anplis, yo depwaye 26 vantilatè nèj ki monte sou kamyon.

Thruway Authority gen prèske 25.000 tòn sèl wout souplas nan zòn Buffalo a, ansanm ak yon gwo kantite klorid mayezyòm likid yo itilize tou pou trete wout ak pou fè prevansyon fòmasyon vèglas.

Tout biwo santral antretyen Depatman Transpò (NYSDOT) Thruway ak New York State yo ap gen anpwaye k ap travay san pran souf pandan tout peryòd tanpèt la.

## **Enèji**

Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la (PSC) te pwolonje lè pou liy asistans sant apèl li a apati jodi a, 6 janvye jiska 7:30 pm, epi ap kontinye soti 7:30 am rive 7:30 pm, madi 7 janvye, ak mèkredi 8 janvye soti 7:30 am rive 7:30 pm, si sa nesèsè, pou ede kliyan yo nan preparasyon pou tanpèt la ak aktivite entèvansyon yo. Nimewo liy asistans lan se 1-800-342-3377.

Anpwaye PSC yo ap kontinye kontwòl travau konpayi sèvis yo pandan tanpèt la ak pandan peryòd retablisman an.

Konpayi elektrik yo prepare pou entèvni nan ka kouran elektrik la koupe pandan tout evènman an. Antou, gen apeprè 3.800 travayè sou teren an ki disponib pou entèvni nan tout eta. Gen lòt travayè k ap disponib atravè asistans youn ede lòt, si sa nesèsè.

## **Sekirite Piblik**

Divizyon Afè Militè ak Naval mobilize plis pase 300 sitwayen Sòlda ak Avyatè New York Army ak Air National Guard nan lwès ak sant New York pou ede otorite lokal yo si yo bezwen yo.

Sòlda ak Avyatè yo pral gen ladann yo kat Fòs Entèkansyon Imèdyà Gad Nasyonal—chak gen 20 anpwayer ak senk machin kat-pa-kat—ak yon fòs entèkansyon imèdyà enjenyè ki gen pèsònèl ak kamyon a-bèn ak lodè fwontal pou ede retire nèj. Yon fòs 100 sòlda ak machin ki soti nan 2yèm Batayon 101yèm Kavalri nan Buffalo pral kanpe tou pou bay asistans si sa nesèsè.

Ekip Gad Ayeryen an pral soti nan 107yèm Lèl Kontwòl Ayeryen an nan Niagara Falls Air Reserve Station ak 174yèm Lèl Atak lan nan Hancock Field Air National Guard Base.

Lòt sòlda pral pote soutyen administratif ak lojistik pou ekip sa yo.

100 lòt sòlda ki ka pote èd yo pou transpòte materyèl entèkansyon nan ka tanpèt ivè pral disponib tou.

Tout veyikil espesyal ki nan flòt State Police la tankou ATV, chasnèj ak veyikil kat-pa-kat pare pou yo itilize yo nan kad entèkansyon pou ijans lan. Yo te teste tout ekipman enèji ak kominikasyon pou ijans yo.

Twoupè State Police ki afekte nòmalmman nan Jesyon Aksidan Sikilasyon, ak twoupè pou Aplikasyon Lalwa sou Veyikil Komèsyal yo te re-afekte pou fè aktivite patwouy pandan tanpèt sa.

State Police ap founi anplwaye nan nenpòt sant operasyon ijans konte a ki ka aktive pou ede kowòdone entèkansyon yo avèk ajans lokal yo.

Divizyon Homeland Sekirite & Sèvis Ijans yo gen anplwaye nan sant operasyon ijans yo pou kowòdone entèkansyon eta a ak konte a nan rejyon ki afekte yo.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418